АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№44 (10038)
РУЗМАН
28 октябрь 2022 сон
3 РАБИУЛЬ-АХИР 1444 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство
Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ
Багъа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

## Футболалъул майдан ва памятник рагьана

**Араб рузман къоялъ Гъандихъ тIобитIана кIиго объект рагъулеб рохалилаб тадбир. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе цIигьабураб памятник ва росдал гIолилазе бараб мини-футболалъул майдан официалияб хIалалъ рагьизе 21-леб октябралъ Гъандихъе щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов. Гъединго, тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул спорталъул, маданияталъул, гIолилазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ГI.ГIабдулмухIамадовас, райадминистрациялъул специалистаз, Гъандихъ росдал бетIер ГI. ГIабдулвахIидовас ва Гъандихъ гъоркьохъеб школалъул директор М. Гъазалиевас.**



Районалъул бетIергун тадбиралде ракIараралщинал тIоцере щвана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе цIигьабураб памятникалде. МухIамад ХIасановас росдаего кIвар цIикIкIараб кIиябго объект рагъулеб къоялъ баркиялъулаб калам гьабуна ва кIудияб баркала загьир гьабуна гIаммаб хIалтIулъ гIахьаллъаралщиназе.

- Жакъа бачIун буго заман бищунго нилъерго тарихги, тарихияб ритIухълъиги цIунизе ккараб, нилъерго умумул-бахIарзазулги, жакъасел бахIарзазулги къимат гьабизе ккараб, «гьел рагъана ВатIаналъе гIоло» -абурал рагIаби ине кола наслабаз наслабазухъе, - ян абуна МухIамад ХIасановас.



Хадубккун, жиндирго росдада цIиял объектазул хIалтIи рагIалде бахъин баркана М.Гъазалиевас. «ЦIи гьабун буго нилъер къадруял умумузул памятник, рагьана жакъасел шартIазда рекъон бараб футболалъул майдан, унголъунги, нилъер росдае рохалилаб къо буго жакъа»,- ян тIаде жубана школалъул директорас.

ТIубараб къоялъ Гъандихъ букIана байрамияб ахIвал-хIал, школлъималаз хIадурун ратана лъикIал церерахъинал.

Гъандихъ росдал бегавулас жиндирго ва тIолабго росдал рахъалдасан баркала кьуна районалъулгун республикаялъул нухмалъиялъе росабазул жамагIатазе гьабулеб бугеб кумекалъухъ.

Объектал рагьаралдаса хадуб, гьебго къоялъ МухIамад ХIасанов щвана Гъандихъ гъоркьохъеб школалде, райбюджеталдасан биччараб гIарцуде цIи гьабулеб бугеб пищеблокалъул хIалтIухъ хал гьабизе. Гьаб соналъул ахиралде, тIолго ремонталъулал хIалтIабиги лъугIун, школлъималазе хинаб квен щвезе ккола кинало шартIал жанир чIезаруураб цIияб пищеблокалда.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**



## Ниж нужеда цадахъ руго, хириял солдатал!

**ЩакI берцинал тадбиралги гIуцIун ХIебда школалъ ва ХIебда садикалъ тIоритIана «Рагъухъабазе посылкаби» ва «Солдатасде кагъат» абурал акцияби. Гьел тадбиразда гIахьаллъизе щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов ва лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будунов.**

26 октябралда ХIебда гъоркьохъеб школалъул азбар цIун букIана шарикалгун байрахъалги росун, байрамияб ахIвал-хIалалда къачIарал лъималаз. ЦIалдохъабазул берцинаб церерахъин хIадурун букIана тарихалъул мугIалим Месед МухIамадовалъ. Рихьизаруна гьитIинаго сценкаби, цIалана кучIдул, Россиялъул гимналда гъоркь борхана пачалихъалъул байрахъ.

Щибаб классалъул лъималаз хъван руго рагъда ругел нилъер солдатазул ракI батизабулел кагътал, ракIарун руго кванил нигIматал, хинаб ретIел-хьиталъул къайи ва гигиенаялъе хIажатаб. ГIамм гьабун школалъ бакIарун буго 86 коробка ва 235 кагъат.

(Хадусеб 3-леб гьум.)




■ «КИНАБГО ФРОНТАЛЪЕ - КИНАБГО БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪЕ»

## Фондалъул хIалтIул баян




**Нилъер районалдаса Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва мобилизациялде гъорлъе ккаразул хъизаназе кумекалъе гIуцIараб рухIияб фонд буго хIалтIулеб районалда 6-леб октябралдаса нахъе.**

**Жакъасеб номералда кьолеб буго гьеб фондалъул хIалтIул баян.**

Нижеца кьураб лъазабиялда рекъон, 27 октябралде фондалда данделъун буго 218 526 гъурущ. Гьеб пайдаяб ишалъулъ кIвар бугеб бутIа лъуна райсобраниялъул депутат ГъазимухIамад ХIажиевас -100 аз.гъ., райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроевас – 10 аз.гъ., Ругъелда школалъ -27 200гъ., «Цолъи» газеталъ -5326гъ., райадминистрациялъ -23500гъ., финотделалъ-5000гъ. ва росдал магIишаталъул отделалъ-3000 гъ.

ГIарац бакIариялъе бихьизабураб счеталде бачIун буго 49 926гъ.

Гьеб гIарацги хIалтIизабун, фондалъ босана хIажатаб къайи ва хамиз къоялъ тахшагьаралде битIун ана регионалияб штабалде. Гьенисан хадубккун нилъер рагъухъаби бугеб бакIалде битIизе буго гьеб къайи.

100 балаклава, 50 хинаб квердахел, 100 тIадагьал хинал хьитал, 25 футболка, 500 банка урбаялъул, лъабнусго грамм бугеб 100 контейнер мохмохалъул, 100 пачка чаялъул, 100 пакет кофеялъул босана фондалде бачIараб гIарцуде.

100 хинаб къвалалгьечI бачIана КЭМЗалъул рахъалдаса, 150 гр. бугел 100 банка гьацIул бачIана маданияталъул отделалъул нухмалъулев ГI.ГIабдулмухIамадовас ва 115 банка тушенкаялъул бачIана Зивуриб росдал имам ГIалиасхIаб ХIажиевас.

КIудияб жигарчилъи бихьизабуна къайи бакIарулеб фондалъ бараб ахIиялда рекъон посылкаби ракIаризе ХIебда гъоркьохъеб школалъ ва ХIебда садикалъ.

Кванил нигIматал, гигиеналъул алатал, хинаб ретIел жанир лъурал 86 коробка школалъ ва 36 коробка садикалъ бачIана.

Гъединго, райсобраниялъул депутат Гъ.ХIажиевас фондалде бачIараб 120азарго гъ. мобилизациялда рекъон аразул 12 хъизамазе кьуна анцI-анцIазарго гъурущ.

«Кинабго фронталъе-кинабго бергьенлъиялъе» фондалъул хIалтIи нижеца рагьун, халкъалда бихьулеб духъ кьезе буго хадубккунги, моцIида жаниб кIиго нухалъ.

Гьеб гIаммаб ишалъулъ гIахьаллъи гьабизе бокьараз гIарац рехизе бегьула гьаб счеталде:

2200 3803 9140 2625 (Россельхозбанк, Алиев Али Дибиргаджиевич), ялъуни гьаб номералда:

+7 (964) 015-39-09

Гьединго, ХIебда райадминистрациялда рагьун буго хIажатабщинаб бакIаризе пункт.

**П. МУХIАМАДОВА**

■ МУХIАМАД ТАНКАЕВ ГЬАВУРАБ КЪОЯЛДЕ

# Абадиялъ цIар хутIарав ГIурадаса генерал





**25 октябралъ ГIурада гьоркьохъеб школалда тIобитIана цIар рагIарав районцояв, Дагъистаналъул тIоцевесев генерал-полковник МухIамад Танкаев ракIалдещвеялъе гIуцIараб тадбир.**

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, ГIурадаса МухIамад Танкаев кIодо гьавурал тадбирал, данделъаби ва турнирал тIоритIула санайилго нилъер районалдаги, республикаялъулаб даражаялдаги.

1973-1974 саназ хIалтIана СССРалъул рагъулал цIалул идарабазул бетIераб управлениялъул нухмалъулевлъун.

1978-1988 саназ Танкаевас нухмалъи гьабуна СССРалъул оборонаялъул министерствоялъул Военный Краснознаменный институталъе.

Машгьурав районцоясул росулъе гьеб къоялъ щвана районалъул маданияталъул, спорталъул, гIолилазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ГIабдулмухIамадов ГIабдулгъапар, ХIебда маданияталъул кIалгIаялъул директор Х.ХирамухIамадов, ветераназул Советалъул председатель М. АсхIабов, редакциялъул хIалтIухъаби ва цогидал.

КIалъазе рахъанщиназ рехсана М. Танкаевасул букIараб бажариялъул, гьунаралъул, гьесул Дагъистаналдехун букIараб рокьи ва СССРалъул тIадегIанал рагъул аскарал гIуцIизе ва куцазе Танкаевас гьабураб гIемераб хIалтIул.

МухIамад Танкаевасул гIагарлъиялъ баркала кьуна тадбир гIуцIаразеги, киналго гIахьаллъи гьабуразеги.

Абадиялъго Дагъистаналъул тарихалда цIар хъварав, ВатIан хирияв, районалъул чIухIилъун жив вугев генерал-полковник мисаллъун вуго ва вукIина районцоязе.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**




■ ТАДБИРАЛ

# ТIолгороссиялъулаб акция «ЦIунила рохь»

**25 октябралъ ХIебда МахIмуд ГьитIиновасул цIаралда бугеб хIухьбахъиялъул паркалда тIобитIана гъутIби чIолеб акция.**

ГКУ РД «Советское лесничество»ялъул ва ХIебда райадминистрациялъул хIалтIухъабаз, «ЦIунила рохь» абураб акциялда рекъон, чIана паркалда ва аскIоб бугеб райполиклиникаялъул азбаралда гIолохъанал гъутIби. Жигараб гIахьаллъигун пайда цIикIкIараб акциялъе нухмалъи гьабуна ГКУ РД «Советское лесничество»ялъул директор М.Меселовас.

Кинабниги гьеб къоялъ чIана 40 махигъветI ва 10 накIкIигъветI.

Щибаб санайил тIобитIулеб ТIолгороссиялъулаб «ЦIунила рохь» акциялъул кIудияб кIвар буго гъветI-хер цIуниялъе ва рохьал цIи гьариялъе.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**







■ ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# ТIидиб ва Бакълъухъ субботникал

**Щибаб росулъ тIоритIулел жамагIаталъул хIалтIабаздаса цояблъун ккола рацIцIа-ракъалъиялъул тадбирал. Гьединаб хIалтIи арал гIодоркъояз тIобитIана ТIидиб росулъ. ТIолго росдал жамагIат къватIибе бахъун рацIцIалъи гьабуна ункъабго хобалазда. Гьединго къотIана бакъварабщинаб гъветI. Къварилъи кканиги, росдал тадбиразе къваригIаниги хIалтIизабула росдал рукъ. Гьенибе щвезабуна лъабго машина цIулал.**



Росулъ лъикIаб гIадатлъун лъугьун буго 80ялдаса цIикIкIун сон барал гIадамазе хасалоде букIине цIул хIадури. Росулъ йиго 100 сон балей НурмухIамадова Месед. Гьелъие хIадурана ва рукъалде щвезабуна Газель машина цIулал.

Субботникалда къачIана мажгиталда сверухъ бакI ва рацIцIалъи гьабуна аслиял къватIазда. ТIидиб росдал бегавул ХIусен ХIусеновас баркала загьир гьабулеб буго киналго жамагIаталъул хIалтIиялда гIахьаллъаралщиназе.

Гьединабго субботник тIобитIана Гъоркьа Бакълъухъги. Зияраталда аскIоб нух къачIан, хъил тIуна росдал гIолилаз.

Шагьаралда ругелги росулъа гIолилалги цолъун хIалтIидал, цIакъ кIвар бугеб хIалтIи рагIалде бахъанин абун разилъи загьир гьабулеб букIана росдал бегавулас.

**Давуд ДАВУДОВ**


ТIидиб


Бакълъухъ зияраталда аскIоб хъил тIолеб


Бакълъухъ

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ХIумайд-афанди (къ.с.) ракIалде щвеялъе

**Араб анкьалъ Гъандихъ гьоркьохъеб школалда, жиндир баракат щваяв ХIумайд-афанди (къ.с.) ракIалде щвеялъе, тIобитIана цIакъ берцинаб тадбир.**



Районалъе баракатлъун ругел нилъер устарзабазул цояв - ХIумайд-афанди хваралдаса 70 сон тIубаялде буссараб данделъи гIуцIараллъун рукIана Гъандихъ гьоркьохъеб школалъул организатор ва биологиялъул мугIалим ГIабидат Дибирова, ва школалъул вожатая ПатIимат ГIабдулвахIидова. Тадбиралде ракIарун рукIана КIудиясул гIагарлъи ва росуцоял.

Мажлисалда кIалъазе вахъана гьелъие жигараб гIахьаллъи гьабурав школалъул директор МухIамад Гъазалиев. Школлъималаз цIалана назмаби, ахIана берцинал мавлидал, бицана КIудиясул гIумруялъул. ГIахьалчагIигун тIаде рачIарал гьалбал разияб ва берцинаб мажлис лъугьана школалда. Тадбиралъул ахиралда киназего гьабуна садакъа ва лъикIаб дугIа-алхIам.

Мажлисалде щварал ХIумайд-афандил лъималазул лъималаз кIудияб разилъи загьир гьабуна ва гIуцIарухъабазегун школлъималазе баркала кьуна.

Щибаб байрамалде лъикIал хIадурлъаби рихьизарулеб ва гIаммал хIалтIабазеги жигарлъи бугеб Гъандихъ гьоркьохъеб школалъ кIудияб кIвар кьола исламияб тарбия лъималазе щвеялдеги. Кинабго рахъалъ лъималазе цебетIей щвезабулел гьадинал школал мисаллъун ккезе бегьила цогидазги.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

# ЦIияб мажгиталда мавлид ахIана

**Шамил районалъул Къелеб мухъалда накIкIазул борхалъиялда буго Мусрухъ росу. Росулъ букIана басриябго, биххун иналда хIинкъи бугеб мажгит. Бигьаяб хIалтIи букIинчIо аскIобе шагьраги гьечIеб, росулъ дагьал гурони гIадамалги гьечIеб бакIалда цIияб мажгит бай.**



Гьеб иш тIаде босана росуцояв ХирамухIамадов МухIамадица. Гьелъул хабар ккейгун гьес абуна: "Бищун захIматаб суал букIана автомашинаялъе нух гьечIолъи. Машина унеб нух гьабизеги рес букIинчIо. Нижеца гьабуна мотоцикл(муравейник) унеб нух. КъахIиса Къурбан абулев чиясул батана гьеб мотоцикл. ЦохIо гьесул жигаралдалъун 15 гIанасеб КАМАЗ машина цIураб материал баччана гьес гьеб нухдасан мажгит балеб бакIалде. Гьелде щвезегIан басрияб мажгит биххизе ккана. Гьенир субботникал гьарун, хIалтIана къелдерил росабалъа гIадамал, рачIана ХIебдасаги. Къед гьабизеги, нух гьабизеги бищун хIалае ватарав чи ккана Бакълъухъа Нурудин. Мажгиталъул купол гьабуна КъахIиса МухIамадица. ГIемерал хIалтIабазда гIахьаллъана Къелеса Халилула, Абубакар, ГIумар, МахIмуд, Муса ва цогидаги. Киналго хIалтIаби гьаруна Къелеса ва къватIиса цохIо гIадамазул кумекалдалъун. Аллагьас азариде бахинабейги гьезул садакъаги, унти-балагьаздасаги цIунун тайги гьел".

23 октябралда гьеб цIияб мажгиталда тIобитIана РабигIул-Аввал кIодо гьабун, къелдерил росабазул гIаммаб мавлид. Гьенир гIахьаллъана районалъул имам ГIарипил МухIамад, ХIебда росдал имам МахIмудапанди Думалаев. Гьес бицана аварагасул(с.гI.в.с.)хиралъиялъул: «Гьесул хIакъалъулъ гIатIидго бицине ккола лъималаздаги. Бищун лъималазда лъазе ккола аварагул(с.гI.в.с.)гIумру, гьесул кинабго гIагарлъи, гьединго Къуръан цIализеги. Гьелдаго цадахъ нилъее рокьизе ккола асхIабзабиги, гIалимзабиги».

«Дагъистаналда ислам цебетIеялъул, гьанир ругел исламиял институтазги, мадрасабазги аза-азар гIолилазул гIалимзаби рахьинаруна, чанго батIияб мацIалда къватIибе биччалеб "Ассалам»алъги кIудияб бакI кола. Гьес цIияб мажгиталъе сайгъат гьаруна гIемерал исламиял тIахьалги», -ян бицана районалъул имамас.

ДагIватаалъул отделалъул нухмалъулев ХIабибуллагьица жиндирго кIалъаялда кIвар буссинабуна нилъ цоцадаса тIаса лъугьиналде. Гьес ракIалде щвезабуна жиндир баракат камугеяв Лъахъа КIудияв кIиявго жиндир вас чIвараздаса тIаса лъугьарав куц.

Мажлис нухда бачунев ругъелдисезул имам Аюб ЗайнулгIабидовас ракIалде щвезаруна аварагасул(с.гI.в.с.)цо-цо суннатал- хIакъикъ гIадал, шукруялъул сужда гIадал, салам кьей ва цогидалги кIвар кьечIого тезе бегьулареблъи.

«Мажгит баялдасаги захIматаб иш буго жанире какде гIадамал рачIинари. Гьанже жанир киналго шартIал ругеб мажгитги бугелъул, гIузру бугелал тун, рогьалилги боголилги какде гьанире рачIине чара гьечIеблъун гьабе. Гьедин гьабичIони, жамагIатго мунагьазукье ккола», - ян абуна гIалим ГIусман-хIажияс.

Данделъиялда жаваб кьуна гIахьаллъаразул гIемерал суалазе. АхIана мавлидал. Къаде какдаса хадуб мусрухъез гьалбадерие кьуна тIагIамаб кванил тепсиги. Разиго хутIана гIахьаллъаралги. Жеги цо-цо хIалтIаби лъугIун гьечIелъул, кIвар буссинабуна гьелдеги. Гьаб мажгит баялъе ишалъулаб ва кверзул кумек гьабуралщиназе Аллагьасул рахъалъ кириги, мунагьал чуриги гьарун, дугIаги гьабуна.

**С.ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ ТАДБИРАЛ

# Ниж нужеда цадахъ руго, хириял солдатал!



(Байбихьи 1-себ гьум.)

Гьаб акция лъазабураб мехалъ, улбузул ва лъималазул гьадинаб гъира балин пикруго букIинчIо нижер. Акциялъе байбихьи лъуралда нахъисеб къоялъго азбар цIуна пакеталгун, къайи-цIагун рачIунел улбуз. Кутакаб чIухIи бижана дир рекIелъ гьединаб патриотикияб хIал нижер школалда батиялъ! Баркала буго щивасе гьаб акциялда гIахьаллъаралъухъ. Къабул гьабун батайги нужер садакъа,- ян кIалъана школалъул директор ГIали ЖабрагIилов.




Лъималазе, улбузе ва цIалдохъабазе битIараб тарбия кьолел ругел мугIалимзабазе баркала загьир гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. -Нужеца хIадурараб къайи нилъер солдатазухъе щвезе хIаракат бахъизе буго нижеца. ЦIакъ лъикIаб ва пайда цIикIкIараб акция буго гьаб жакъа. Нужедаса мисал босизе батила районалъул цогидал школабазги,- ян тIаде жубана гьес.

Гьединго, данделъараздехун кIалъаял гьаруна лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будуновас ва районалъул прокурорасул заместитель ХIусейн ГIонжоловас.

27 октябралда цIакъ берцинаб, хIайранаб тадбир тIобитIана ХIебда садикалдаги.

- Ихдалги гьединаб акция тIобитIизе лъазабидал кIудияб жигарчилъи бихьизабуна нижер лъималазул улбуз. Гьаб нухалъги кIудияб гьирагун бакIарана гьез фронталда ругел солдатазе хIажатабщинаб, -ян бицана садикалъул нухмалъулей Умакусум ГIалибеговалъ.

Жеги цIализе-хъвазе лъаларел гьитIичалги нахъе къан чIечIо. Гьез хIадурарал суратаз хIайранлъун рукIана районалъул нухмалъулел. Гьединабго асар нилъер рагъухъабазеги гьабила гьел кагътаз.

Лъималаз бихьизабураб берцинаб церерехьиналъухъ ва гIуцIадго араб тадбиралъухъ баркала загьир гьабуна районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.

Садикалъул, школалъул ва фондалъ босараб къайиялъул цIураб машина ана битIун хамиз къоялъ «Мы вместе» абураб регионалияб штабалде.

**НИЖЕР МУХБИР**



■ МЧС ИНФОРМИРУЕТ

## Правила пожарной безопасности в осенне-зимний период




С наступлением осенне-зимнего периода резко возрастает количество возгораний в жилом секторе. Стремясь поддержать тепло в своих домах, люди используют отопительные печи, электронагревательные приборы, газовые плиты, духовки, которые при определенных условиях могут стать причиной возгорания, и, следовательно, причиной травматизма и гибели людей.

Отделение надзорной деятельности и профилактической работы №17 по Шамильскому, Хунзахскому, Тляратинскому, Цунтинскому районам и Бежтинскому участку УНД и ПР ГУ МЧС по Республике Дагестан призывает граждан серьезнее отнестись к подготовке жилья и придомовых территорий к этому времени года. Так как с наступлением холодов увеличивается количество электронагревательных приборов, включенных в сеть, что приводит к перегрузкам электросети, возникают пробои изоляции и короткие замыкания. Поэтому каждый домовладелец должен проверить исправность электропроводки, розеток, выключателей в жилье и надворных постройках.

Кроме того, следует обратить внимание на выполнение требований пожарной безопасности при устройстве и эксплуатации печей, проверить их исправность, заделать имеющиеся трещины в печи и дымоходе. Не реже одного раза в три месяца проводить очистку дымоходов печей от сажи. А также необходимо помнить, что печи и другие отопительные приборы должны иметь противопожарные разделки (отступки) от горючих конструкций, предтопочный лист размером 0,5 х 0,7 м на деревянном полу или полу из других горючих материалов. Вблизи печей и непосредственно на их поверхности запрещено хранить горючие материалы.

При подготовке к зиме дачных участков и домовладений граждане сжигают ветки, ботву, накопившийся мусор, часто не соблюдая требования пожарной безопасности, согласно которым сжигание отходов должно производиться в специально отведенных для этого местах и желательно в металлической таре. Такие места должны организовываться на расстоянии не ближе 50 метров до зданий и сооружений. За процессом сжигания необходимо постоянно следить, ни в коем случае не оставлять огонь без присмотра или поручать надзор за ним детям, а также иметь поблизости первичные средства пожаротушения (огнетушитель,емкость с водой, ящик с песком).

ПОМНИТЕ: защита имущества от пожаров и обеспечение безопасности своего здоровья и жизни зависит только от вас!

При возникновении чрезвычайных ситуаций необходимо звонить по единому телефону спасения «112» или «101» со всех мобильных операторов.

**ОНД и ПР №17 по Шамильскому, Хунзахскому, Тляратинскому, Цунтинскому районам и Бежтинскому участку УНД и ПР ГУ МЧС по Республике Дагестан**

■ СПОРТ

## ТI.ТIалхIатовасул цIаралда турнир

**Араб гьатIан къоялъ ХIебда ДЮСШаялъул залалда тIобитIана гугариялъул рахъалъ дунялалъул призер ТIалхIат ТIалхIатов ракIалде щвеялъул турнир.**





Исана гьеб турниралда гIахьаллъана Хунзахъ, Хьаргаби, Унсоколо ва Шамил районалъул гIолилал. Гугари тIобитIана 8 батIияб цIайиялда. Турниралъул хIасилалда тIоцебесеб бакI ккуна Унсоколо командаялъ.

Турниралъул гIахьалчагIазе чIезарун рукIана киналго шартIал. Бергьенлъи босарал ва призераллъун рахъарал спортсменазе кьуна къиматал шапакъатал.

**Давуд ДАВУДОВ**



■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ




## О проведении оперативно-профилактической операции «Защита»

В целях реализации Приказа МВД по Республике Дагестан от 24.08.2022 года за №1812 с 01.10.2022г по 31.10.2022 года на территории Шамильского района проводится комплексная оперативно- профилактическая операция «Защита».

Цель данной операции, предотвращение вовлечения несовершеннолетних в террористическую деятельность, недопущение распространения радикальной идеологии в молодежной среде, устранение условий и причин, способствующих совершению преступлений несовершеннолетними, в том числе экстремисткой направленности и террористического характера.

**Начальник ОМВД по Шамильскому району М.М.МАГОМЕДОВ**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовальул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевальул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал- ги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электрониябпочтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50